

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Paoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Paoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Paoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoan dikaloearkeun koe Tjabang Paoendan Tasikmalaja.

Diritik di Soekapoera drekkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Paoendan Tjiamis.
Djawa wetan: Bestuur Tjabang Paoendan. Soerabaya.

| | | | | |
|--|--|---|---|---|
| LANGGANAN. 3 sasib f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen. | Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja. | Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA Redaktoer di Batawi SOERADIRADJA. | Directie: Administratie: Bestuur Paoendan Tasikmalaja | Pangaos ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,- 1/22 " f 1,25 Sakali mo cat Langganan langkoeng mirah. |
|--|--|---|---|---|

Moal oendoer katinderaan Moal gedag kaanginan.

Samemeu sim koering ngawaleran „Pertaajaan ka H. B. Paoendan ti oerang Bandoeng“ dina SIPATAHOENAN No. 38 ping 16 Maart taon ieu, sim koering bade toemaros heula:
1. Naha eta noe njerat „oerang Bandoeng“ teh lid Paoendan?
2. Naha henteu ditawis nganggo djenengan noe sajaktoesa?
3. Naha saha noe disebutkeun „djalma-djalma noe ngants djawaban teh“?
Samemeu sim koering nerangkeun, naon margina noe mawi sim koering hojong terang heula djawabanana eta patarosan noe tilce, sim koering oendjoek noehon heula ka „Oerang Bandoeng“, lantaran parantos ngalobetkeun patarosan noe dina Sipatahoenan No. 38 tea.
Kapan saes kanten perkawis oge tiasa madjengna teh koe critiek, da nja eta noe dilari koe Hb. Paoendan oge, critiek noe sae maksodna, tebih sareng djero pamandanganana sarta loetjoe basana. Demi critiek teh para djoeragan-djoeragan bidjilna ti roepi-roepi bade. Oepamina aja kritiek koe kaloearna ngan woengkoel koe hajang oeninga bae (nieuwsgierigheid), aja oge kritiek noe maksodna ngan hajang ngamadjoekean atanapi ngahadekeun andjeun (reclame), critiek anoe woengkoel sedja ngawoet-ngawoetkeun hidji pakempelan atanapi ngebreh-ngebrehkeun kasalahan batoer koe bawuning anoe ngiritiek geus ngarasa njeri koe eta kempelan atanapi djelama (jit wraakgevoelens), oge koe ngowa ka eta kempelan atanapi djelama aja deui noe ngiritiek sapertosna: ka si Dadap anoe henteu boga kasalahan, soegan bae kagorengan si Waroe diebrehkeun koe si Dadap, namoeng aja oge critiek noe bidjilna estoe tina bade sae nobari, tina pikiran noe poetih hereh sih noe diselja woengkoel njaan atanapi mikanjah kana lahirna atanapi batina anoe di critiek sapertos bapa ka anak (atanapi sawangsoelna anak ka bapa atanapi doeloer ka doeloer).
Namoeng critiek noe kedalna ti maana-mana oge, henteu moebadir, seueur oge poeloengananana nambah nambah kana kanjaho.
Para djoeragan-djoeragan pada maraphoem, jen noe djadi patinggaran teh tiasa netepkeun latjak-latjakna sahidi-hidjina sato. Malah nitik bisa eta latjak-latjak paninggaran geus bisa nangtoekean karepna eta sato-sato di leuweung noe njeun eta latjak-latjak teh. Kitoe deui koe ngaregepkeun kana eora-sorana sato leuweung panginggaran geus bisa nganjahoekuan naon kahajagna sasatoan anoe disarada.
Dina salengkap lengkahnna di djero leuweung dina taneuh, djoekoet, tiantangkalan seueur serit batjaeun. Ti endjing dongkap ka endjing deui seueur tjariosan sareng lagoe-lagoe koepinggeun. Geura mangga tengetkeun gogogna adjing! Oepami parantos paham kitoe tangtos di leuweung oge moal aja kakeueung, kitoe deui moal seueh koe kahirangan tetadaeun, da parantos seueur loeang, parantos apal, oeboeahan mana atanapi dangdooenan naon noe kenging ditoeang, noe henteu aja ratjoenan, noe henteu matak wewre sareng koemaha akalna moro sasatoan.
Pikiran sareng toedjoenanana bangea lahir oge aja latjakna.
Eta pitaugtoseun pisan, margi oepami henteu aja mah, meureun moal aja noe tiasa netepkeun pikiran atanapi toedjoen sae-awonna.

Geura mangga bae manahan noe lenjep saeureu lampanahan oerang noe parantos kaliwat (oelah ngagoelkeun audjeun, oelah ngalengitkeun stanapi ngawonkeun paripolah koe andjeun). Masing latjakna ngan oekoer tiba oge tangtos katingal moal kalirue sae awon, oepami parantos paham mah. Soepaja palam teh samemeu koelem, sapaantosna babatjaan noe perloe, kedah teras njileuk naloengtik lampanahan oerang, noe tas didjalarkeun, sok kapendak paripolah noe kirang sae, noe kedah diamean, noe awitna ngan katingal di batoer woengkoel. Hartosna teh oepami oerang hojong njaho latjak-latjakna lahir batoer kedah oeninga heula latjak-latjakna lahir sorangan (zelfkennis is menschenkennis).
Ajeuna tjabi oerang ngalatak, njoektjroek patarosan keur ka H. B. Paoendan tea. Nanging moegi „Oerang Bandoeng“ oelah djadi rengat mauah, oepami sim koering lepat ngalatakna, margi roemaos atjan paham. Ieu mah oerang etang-etang diadjar bae. Kitoe deui anoe maraos ieu serit kabar oelah njangka, jen ieu serit kabar teh ngan keur noe parasea woengkoel. Djoeragan-djoeragan, Paoendan teh sanes pakempelan noe resep papaseana. Djoeragan „Oerang Bandoeng“ ieu mah etang-etang ngagosok pikirai bae, malak-malamar oerang tiasa ngagentjlang harerang, moen tjai mah, bisa kasaring djadi herang ngagenjas aroteun doeloer-doeloer sadaja. Poma oelah bade noeroetan noe parantos-parantos saentiasa toekur pikiran ngasoepkeun eeseratan dina serit kabar, toengtoengna pada arembueng wawoeh deui.
Eta ngalobetkeun dina Sipatahoenan ngango nami „Oerang Bandoeng“ teh, naon anoe dimaksad? Ari redactie mah tangtos bae oeninga nanging naha ari H. B. Paoendan henteu kedah tarang? Koe taludjak kitoe teh matak abot pisan keur H. B. mah. (Esersatan kitoe roepina parantos limbrah di oerang pribomei). da oepami sim koering henteu ngemoetkeun bade nembongkeun koemaha tjitjingna H. B. dina hidji-hidji perkara mah, tangtos pisan moal didjawa. Geura lamoen dina perkara ieu kalangan H. B. noe salah, manawi „Oerang Bandoeng“ gantjang moekakeun kedokna. Namoeng sawangsoelna, cepami katawis H. B. tjitjing dina bebeneran, manawi „Oerang Bandoeng“ teh les bae lungit, moertja, teu katingal deui. Atoeh ana kitoe moen dina perang tea mah (pangapoenten njebat kejap ieu) sami bae sareng perang djeung kalangkang. Kapan H. B. oge moal arek dengki atanapi ngandoeng hate, oepami terangen kana djeneungan teh! Oepami diwartosan djeneungan, soegan bae H. B. wawoeh sareng djoeragan, manawi tiasa ngararampa timbangan djoeragan djadi dina ngawaleran teh tiasa milih-milih, njing-kahan noe matak teu raos ka andjeun boh koe basa, boh koe ngabantoen tjonto saes dina perkawisa, da djelama teh roepi-roepi hatena.
Naha djoeragan teh nja sami sareng noe nawis „Saksi“ dina serit kabar „Titir“ No. 8 sasib ieu (organ communitist). Noe mawi aja sangkaan kitoe teh lantaran eta patarosan sami pisan sareng noe aja di dinja.
Djabi ti eta koering rada teu pati ngartos saor Jjoeragan pokpokanana noe tjemel mah, Paoendan hajang ngenah bae. Na koemaha ari tjeuk noe sae bar? Koemaha tjeuk noe bageur? Koemaha tjeuk noe kadjeunan? Koemaha tjeuk noe ngamoeseh? Koemaha ari tjeuk . . . DJOERAGAN? Djoeragan njerat „Geuning oepami

henteu lepat ka poengkoer dina Sipatahoenan def. dr.“
Omgongan noe kitoe mah roepina maksadna keur ngera-ngera H. B. Eta mah saes waleraneun H. B. H. B. mah moel ngawaleran ka noe ngera-ngera atanapi noe ngahina, sarengna deui eta mah tanggoenganana verslaggever.
Noe mawi djimis koering ewed ngadjawabna eta pertaajaan Djrg. nja eta hajang terang heula, naha djoeragan teh tina perkawis ten parantos oeninga leres, djeu oedanganana, meureun moen di noe ngoesen mah eupanna. Oepami eupan atoeu laon maksodna? Da sim koering asa digebah, barang matja: „Ieu bae heula“, hartosna engke ditoeang aja keneh patarosan-patarosan saes, sareng manawi. . . . roepi-roepi, noe koe sim koering moel dikedalkeun, anoe parantos kaonengna koe andjeun, Koe margi eta panohoen sim koering moegi eta patarosan ti sim koering didjawaab heula.
Samemeu sim koering ngadjawab kana patarosan-patarosan ti djoeragan tangtos bade badanten heula sareng djinisa (Leres! Red.) moegi . moegi djoeragan sami pada mikaheman ka eta djalmi-sajertos simkoering anoe sakitoe kasoesahan tea. Namoeng sim koering hojong terang heula anoe junkin jen eta djalmi noe hatjilakaan tea moel bade didamel pakakas pamaksadan noe kirang sae.
Djadi tjindekna mah, mangga boekakeun heula kedok.
O. Soebrata.

1926 Kali teu pannedjoe. (Kaanchan)

Hatoer tingali ka para djoeragan, sareng para mitra sadaja, anoe maos ieu Sipatahoenan.
Ari ras koe omong batoer (somahan desa Bandjarsari). Teungteuingeun djoeragan Committeeer loemboeng desa Bandjarsari, pare loemboeng didjoel ka Tjina (Tjong It Sam), ari djimis koering mah meser 50 kati oge teu dipaparin. Djimis koering kaget! ngoepung djalma gegelendeng, madjar andjeun meser pare teu di bere, sanggem abdi, pirakoe! ari teu dibere mah. kapan tadi geus ditampa artosna koe djoeragan Amil sareng koe djoeragan Politie, malah noe ne-liekunana oge djoeragan Committeeer, sanggem noe gegelendeng, her kapan di poelngkeun deui, saeerna djoeragan Committeeer geus bejak, sanggem djimis koering, na koe andjeun teu disoesoel, pare, teh seep koe saha, banteu lantaran koering parantos kening katerangan, jen eta pare teh dieuli koe Committeeer, ladjing di djoel deui ka Tina (Tjong It Sam). Aja pirakoe Committeeer, wani-wani meuli pare loemboeng, kapan ari pare loemboeng teh bogana somahan, djeung tangtue ngarasa sieun, lantaran aja oedang-oedangan pangkat Committeeer teu beunang meuli pare loemboeng atawa ngudjeun, eum asa pirakoe Committeeer wani-wani meuli (balantik) sieun tangtue dilepas, sanggem noe gegelendeng, na andjeun teu pertjaja? pare loemboeng di beuli koe Committeeer? sarta toeros didjoel ka Tjina? lamoen andjeun teu pertjaja: mangga datang ka Tjong It Sam, meungpeung aja keneh noe dititah ngadjoelna, djimis koering dongkap ka Tjong It Sam, kaleresan noe ngadjoelna oge parena noe ti loemboeng teh ngampoel di Tjong It Sam kirang langkaeng 55 pikoel, djimis koering naros ka Antariop noe ngadjoel

pare, sabaraha euj hargana 1 pikoel? Antariop: doeka! kirang terang, sanggem djimis koering: pirakoe ari koerang terang mah. Antariop: jaktos, abdi mah derma dipiarang koe Committeeer. djimis koering naros deui ka Nata: sabaraha hargana Nata; kirang terang margi piwarangan Committeeer djimis abdi naros deui ka Poera: sabaraha hargana 1 pikoel? Poera, doeka kirang terang, margi dipiarangan koe Committeeer, djimis koering naros deui ka Djoenaedi boedjangna Committeeer, sabaraha euj di djoealna? Djoenaedi, doeka kami mah di piwarang koe djoeragan Committeeer djimis koering nanja ka babah. Iui padi 1 pikoel brapa hargana, bilang babah f 6,25 cent 1 pikoel, jah! soedah saja permissi, bilang babah jah bae, ladjing djimis koering wangsoel, emoetan baje ka ka Tjamatan, bade ngoendjoekeun jen Committeeer tjeuk dina katrangan geus meuli pare ti loemboeng desa Bandjarsari noe didjoel ka Tjong It Sam, barang djimis koering doegi ka ka Tjamatan kaleresan aja djoeragan Wd. Asat. wedana Ond: Bandjarsari (djoeragan djeroelias Tjamat) ladjing di oendjoekeun jen committeeer parantos ngadjoel pare loemboeng di beuli koe Committeeer loemboeng di djoel ka Tjong It Sam koe Committeeer loemboeng, dawoehan djoeragan djeroelias Tjamat, teu djadi balangan naon-naon asal menta katrangan noe sabenerna ladjing abdi wangsoel ti katjamatan ngadjoedjoe ka Gl. Bandjarsari + ka Gl. Tjibadak enggalna abdi parantos doegi ka Gl. ladjing abdi njanggem, kang Gl. ajeuna perloe tjari katrangan djalma noe di titah ngadjoel pare loemboeng koe Committeeer, enggalna Gl. tjari katrangan, pangosto kapendak sa-lajana 24 djalma parantos kempel sadaja ladjing diparios koe djimis koering sareng Gl. 1—Ina djalma. Sanggemna eta djalma soemohaen koelan abdi roemaos meser pare loemboeng, margi di piwarang koe Committeeer, teras eta pare di djoel ka Tjong It Sam. Ti Tjong It Sam moeng dipaparin soerat Bon, enggal di sanggakeun ka djoeragan Committeeer nja abdi di paparin artos koe Committeeer menoeroet tina perdjangjian 1 pikoel f 0,25 cent djabi dipasihhan neda sareng ngopi djimis koering naros ka djalma noe 23 beener arandjeun teh dititah koe Committeeer djawabna soemoehoe-l-soemoehoe-hoe-soemoehoeun.
Beu lamoen kitoe mah Committeeer teh njeun djahat ka ra'jat, mangka-ning di Bandjarsari noedjoe prihatin koe dahareun lantaran lami teuing halodo, mangka-mangka aja pare loemboeng noe sakitoe moerabna (harga f 4,—R. di djoel ka Tjina (Tjong It Sam) kapan Committeeer oge terangen oerang Bandjarsari teh sbesah koe pibiniheun, saes bae teu sajagi pikeun tihh, tapi ieu mah parantos tebar, binihna paraeh, lantaran halodo nja kapaksa koedoe tebar deui pibiniheunana koedoe meuli nja pohara ari kitoe mah, hajang oentoeng sora ngan hajang boughar sorangan, kapan somahan mah noe soesah teja nejangnan pitiniheun tong harga f 4—roepia kapan harga f 7,—f 8.—Roepia oge di beuli asal aja beuliekunana Edas katjida oentoengna Committeeer tjoba perang reken dina poe Minggoe tt. 24/1—26 meunang oentoeng 55 x f 2,— = f 110 roepia breesih sareng djalma noe 24 teh parantos disanggakeun ka djoeragan Wedana Bandjar parantos dipariksa sadajana oendjoekanana beres noemoetkeun sae koemaha noe di parios koe djimis koering, sami oendjoekan roemaos.

Pamoegi djimis koering njoehoekueun di lebetkeun kana Sipatahoenan. Sembah baktos abdi noe bela ka ra'jat. Wiratmadja.

TITIR (Kapoengkoer Soerapati)

Dina titir tanggal 27 Februari 1926: No. 8, aja karangan anoe ngahatja dibeunakeun kana adretna Pagoejoeban Paoendan, dina eta karangan istoening pinoh koe roepa-roepa pertaajaan tjeunng djeung sabangsana anoe matak mawa goreng ka Pagoejoeban Paoendan.
Sanad n koering lain Bestuur Pagoejoeban Paoendan oge, boeboehar koering teh djadi lid (tapi lid biasa), nja sabenteuna bae, asa katjwit koelit kabawa daging, koe toetoelisan anoe aja dina weakblad Titir tea.
Ari sadina mah, koering teh mal rek miloe njarita, lain teu hajang atawa teu wani, tapi nja eta noeroetkeun kapertajaan Kaislaman, dina boelan-boelan anoe deukeut kana boboran Siam, oelah pisan ngagede-keun papadoean, sanadjan perkara peuting oge koeloe ditoenda, komedoni hangeu perkara tektek-benetek mah, anoe koedoe didjoelohan pisan, malah tjeuk para oelama mah koedoe pisan ngagedekeun toat sarta silih hampoea djeung papada kaola.
Kawas rada kapaksa oge, koering poho kana tjegahan anoe disebote tjikeneh, lantaran kadoeroeng koe toetoelisan dina Titir tea. Tapi noeroetkeun bawa rasa hate koering, sanadjan sakoemaha poharana oge, kritiek anoe dikeunakeun ka Pagoejoeban koering istoening anoe moel tea, sadjeroning koering njeun pamandangan kaloear tina kalang kasapanan, nja kitoe deui dina anoe rek didadarkeun engke, istoening rek satarabasna pisan, „nilar saplasna ngadek satjekna“.
Sakoemaha anoe ditjaritakeun koe koering engke, poma oelah rek dianggap nganasehatan, moega dianggap tjari sareng pamandangan biasa bae, margi koering mah, istoe roemaos pisan, teu pisan-pisan lajak ngiring njarioskeun perkawis ieu. Atoeh ieu mah etang-etang dogdog pangrewong bae.
I
Studiefonds - Paoendan
Dina perkawis Studiefonds-Paoendan anoe dikoebrakeun, anoe ngadjadikeun roepi-roepi pamandangan dina serit-serit kabar, tjeuk emoetan koering mah, sadajana oge teu atjan aja anoe ninggang kana benerna. Nja kitoe deui tina perkawis papariosan H. B. Paoendan teu kenging dilepatkeun. Bestuur Studiefonds oge teu kenging dilepatkeun, koering nanggal. Djr. Masdoeki, Djr. Wirasasmita ss. istoening poetih bereeh pisan ajana dina Bestuur Studiefonds leh.
Handjakal pisan koe H. B. Paoendan roesoeh teuing maloeoehna, salah djalan ngadougonna. Handjakal koe Bestuur Studiefonds kirang tembes berendelna, teu tjaringtjing nja ngadjar.
Ari antoeukna mah boh H. B. Paoendan, boh Bestuur Studiefonds pahaloeng-hoeleng kawas gagok pilengkabeun. Da bongnan henteu oeninga.
H. B. Paoendan naros dina laporana: Mana verantwoordingna artos anoe f 200,— ka Djr. Roestami? Oepami H. B. Paoendan atanapi

dikandiJankeun koe roepi-roepi pakempelan, anoe geus katimbang tjoe koep elmoe panemoena. Kentjarkeun neun di pakulangan, parandene kitoe teu kapilih keneh bae, da anoe milih na keur teu djadi elid-elid pakoempolan pakoempolan anoe ngandidatkeun teh, teu kersa ngadarangoe kana djeritna kaum-kaum demokraten.

Kadoea perkawis. Seueur teuing kam katochoe, geus poegoe bangsa Asing, pitoein Soenda oge oelang Pasoendan seueurna noe marangertos anoe kana sunah bae, lali kana lemah tjajna.

Katloe perkawis. Adat koemawoela ka noe djadi doengengan (pangagoeng) di bangsa oerang teh soeah dileungitkennana geus poegoe dina dines, dina partikoelir oge dibabawa bae. Nja kitoe deui dina dines lain, dina partikoelir lain, masih ngatiklik noetoekeun panteuri koemawoela-ten.

Koemaha koe oerang koedoe disalahkeun eta teh? Teu . . . mangsa bode, sarereu ajeu pada boua bener, pada boua toedjeun. Meureun nana kitoe oge loemangan sabetjeureun sasieureun, peupurieun tina dines teu (koerang) kapake, atoech soegan ditambah dibeupelan koe partikoelir Nja koemaha oge atoech ari koemawoela mah, sasieureun sadewekna. Njan keukeuh pameda ka Maha Soe-tji, moega-moega celah sok lali ka "poerwa laksma" bae, sot dogdog tinggal igel.

Kaopat perkawis. Masih aja keneh noe ngoekechan kana kaperloean koelawara (familie belang), nepikeun ka algemeen belang mah katoele-loeli, kapanggih keun.

Malah djsim koering baheula keur leutik ngoe-ping doengeng kieu. Di sala sabiji tempat, dina waktos ngandidatkeun tampeung balami, Si Anoe, Si Eta noe koedoe diasongkeun sarta tepi ka kitoe prak kajadina. Tapi barang geus ranege dipilih, anoe koerang-ping teh lain bet lain noe dikandiJankeun baroto tea noe kapilih teh, noe sedjen pisan. Atoech tenah ditoeuna teh, sakoer elid-elid noe teu pipaloeun dibawa balami ti tadina mah, ting turu, tingke-jewis, tinghar-wes, meujarkon teh aja Candi-dat ngijilwoeri, hidji ti beulah batoe.

Tali kitoe tjek saoejaring dongeng baheula.

Moega-moega di oerang Pasoendan oelah nipi ka kajadina kitoe, Aeb temen, lala temen, moen d. Langka kitoeun. Djadi oerang sakadua koedoe tarekah ngaduga tisi aja noe kitoe boetoeuna.

Ajuna bode ngawangsolan deui kana theorie, da djsim koering koe bagoh kana theorie teh, djsana oepama teu reuodjeungan sareng theorie sakitjeup bae, pehara tjoeang-tjoeungna tjara anak hajan leungiteun indoen.

Geuna oepama noemoekeun theorie mah, tada temen atoesna oepami noe djadi wawakil oerang di oenggal raden ponggawa pamarentah. Ari margina kieu: Moel-aja djelema noe katjida oengga kana atoean politik ngoeoes ngalah margara kajaba ti anoe ngaditjeun saari-arna. Tangtoe arand, ednanana oengga pisan sarta jasa pisan kana nimbang taradjeuna, ngamah-ngamahana kana noe djadi somah pienteng-un djeung pitanggau-nana. Kitoe soeh tjek tjohagna mah noe kandel imanna, laktiran teu pati ngamah ngalah kana kaperloean salira anjeunna.

Djadi ana noeroekeun theorie, oerang teh koedoe pehara soekr ngahna dina oenggal-oenggal raden di wakilan koe para djoerangan B. B. teh, saban kitoe tjek tjekjeunna, moel datangka teu teoedoe, moel datangka teu tangloes, beres-beres ngalampahkeunna.

Oerang mah ngan ngati kari tadah "Amiu" bae, moega-moega eta theorie oelah pasihirsangan djeung praktijka.

Saadjan theorie kitoe, noe amoe-tjoej matak ngaroej, koe saueh ngitogkeun kana loeang katoekang toekang, djsim koering teu weleh risi, teu weleh rempan, ringrang hariwang sieun papanggih reudjeung wiwirang.

Saperkawis kasieun teh, koe sieun seueur noe katerap sasulad koemawoela, djol ka tempat koempolan teu poegoeh soem, ngan ngitjer dengdekna bode atawa topi, sama sakali poh ka uoe diwakilan, woengkoel djoenen kana eigen belang, toeng-toengna sapertos tabasan: Wiens brood meu eet, . . . Ana radjeun aja soera noe teu dihadja, dimana diaanmerking koe reret oge, tangtos tjara koeja lol . . . Djaba liliineun

sadatangna ka boemi nginget-ninget koemaha pingoejaranannana.

Kajadina kieu teh, djoerangan-djoerangan! sanes moestabil tangtoe bisa kajadina. Lain djsim koering nerapkeun bakal kitoe, djeungna deui sanes overdrevon. Njarita kitoe soeh oepami noe panenista-nistana (het uiterste geval), Kapun dina sagala roepa oge koedoe karana ngadjeug-djeug. Kadjeun mimitina pait asal amis toengtoengna. Oelah sabaikna katodjo koe atoh.

Kadoea perkawis. Djsim koering teu weleh manehariwangkeun, mangbingoengkeun, boeboehan ngaromasakeun maneh - djelema gede timboeroka para djrg. djrg. elid ti kaum pamarentah anoe tjepak pahang tjekel tener, sok sieun matak madawa kana salirana.

Tjindekna pikeun djrg. djrg. anoe katjida demokratischna. Ari sababna poegoech ari tjek theorie mah, estoe merdika naon noe ngantik dina ati anoe maneh dina ceteuk, teu aja halanganana dibedjer beskeun, diberkeun dina eta raad tea, lantaran lidmaat-chup djeung betrekking teu ngalidji. Tapi orokaja da soeah dipilampahna, sabab noe ngalakonan teh badanna ngan hidji, teu bisa dipisah-pisah.

Djadi oepama sakatjoemplang-tjampeng njawad njempad kana pamakoedon noe agoeng, tangtoe matak aja setrip beureun dina Conduite staet. Henteu moestail disoeboet kapala noe teu beunang dipertjaja oge, sabab djadi tarompetna pamarentah, bet lautjang koemawani njempad ugulang gar kana angenna.

Meureun lamoen nepi ka kajadina kitoe, saroea oge djeung ditjilakakeun koe noe diwakilan.

Oepami aja oge noe pehara matengna demokratischna, lamoen oeningaun kana djoengkraug anoe sakitoe lewang loengkawingna mah, tangtos rada moendoer saengkah. Margi sadjana oge sok ngahelakeun heula sadrieun koe andjeun, moel aja noe mikanjaah ka badan s-rangan djaba ti pibadi.

Katoeroeg-toeroeg kajaba ti matak djadi koetjwana teh teu aja pisan pedahna. Dirah wardigheidsna dimanna, da koe djsim koering mah teu katingal. Disebat matak oentoeng patetah mana da teu aja kentringna. Djadi anoe poegoech mah matak ngawaloeratkeun kana salirana, kana padamelanana. Keur koedoe sering ninggalkeun boemi teh (roemah tangga) katoeroeg-toeroeg padamelan bajatah teu aja noe njagap, da ari ngandikeun batoe mah sahadena oge batoe. Kajaba lamoen toeljoenanana ab itoeng itoeng pelesir tjari hawa.

**Toko Universeel - Agentschap
NIC. MULLER
TASIKMALAJA.**

Goenoeng ladoe 15 telef. 26
TJARI Inspektor boeat koeliling periksa filiaal-filiaal dan toeroet ker-dja reklame toko (propaganda).

Tjari di mana-mana tempat besar di Yriangan wetan, agent-agent boeat djoewal lagi segala roepa obat. Boleh dapet atoean commissie asal di betaro borg-nja.

Tjari orang yang pinter boeat koeliling djoewal pake tanggungan.

ORANG yang maoe mendjadi kertja di toko NIC. MULLER Tasikmalaja, misti ada soerat keterangan bagoes dan certifikat djoega. Boeat kirim sollicitatie saja tida ada goena sebab sollicitatie misti bawa sendiri. Orang yang bisa betaro borgnja, dapet dipilih lebih doelo.

NIC. MULLER
Tasikmalaja.

N. V. Handel-Mij. „Goena Perniagaan“
Agentuur & Commissiehandel - Incasso & Administratiekantoor.
BANDOENG, Oude Kerkhofweg 34
Pandhuisstraat 33, CAROET.

Kanggo sasih Siam njajagikeun roepi-roepi SOEROETOE.
Pangaosna MIRA. Oepama dibandingkeun kana raosna.
Oepami parantos njobian tangtos djadi ngalanggan.
Diantos pesenannana.

TOKO
Universeel Agentschap
NIC MULLER
TASIKMALAJA
Goenoengladoe No. 15
Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.

Tjelep (sipoehan sindjang).
Landong roepi roepi sapertos:
Landong njeri boel
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoeun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe lembek salira soepados djagdjang

Landong gohgoj. sareng mengi
Zalep boelao kongeng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njeupjau
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe dibeengkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beutjeung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angking
Kain karet No. I.
Landong kiak ka . . . ?
Landong kaktiatan moerangkalih soepados montok

Limoen pergasi
Landong paranti moerangkeun boeloe kelek

Oebar rahent
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kaktiatan galira
Pertan pertanau. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjeu atauapi kain kain roepi roepi warui.
Model, moerah, aloes.
Poerloe bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.
Sadaya barang kenging pesen rem-bours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos
Nic Muller.

Toko SOENDA
TASIKMALAJA.
Telefoon No. 56

Nawitan dina ping 20 Maart prantos disajagikeun roepi roepi sepatos, slop sandel, troempah, anoe didamel tipa Crepe rubber, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebat nomerna, doepi kaktiatanana teu kantos dipoejji deui, margi parantos pada oeninga.

LELANG KAJOE

Hari Saptoe tanggal 10 April poe-koel 9 1/2 pagi di roemah bola Intramontes di Garoet dari satoe perceel kajoe yang masih berdiri lebar 2 H. A. ada di oetan Goenoeng Mandalagiri, blok Tjiharoes desa dan Onderdistrict Tjikadjang kaboepten Garoet.
Ditaksir: la 0.85 M² klas I, 37 M² klas II, 17 M² klas III dan 350 S. M. kajoe bakar Limiet f 654.— Lain katrangan minta pada Opperhovtvestor di Garoet.

PRIJSCOURANT 1926.
NEMBE KALOEAR
Seueur barang-barang noe ditoeoenkeun pangaosna. Seueur tambihna boekoe-boekoe sareng barang-barang marodel.
Mangga poendoet ieu prijscourant anjar
ka
TOKO BOEKOE
L. A. LEZER
Tasikmalaja.

TOKO BOEKOE
M. I. PRAWIRA WINATA.
Katja-Katja WETAN 132 BANDOENG.

| | |
|--|------------------------------------|
| Tjarita Agan Permas I f 0,55 | Roesiah noe kasep 1,20 |
| Gan Sarifatimah 0,50 | Rangga Woeloeng 1,50 |
| Sadjarah K.N. Moehamad 0,50 | Hadis 0,50 |
| Lalakon K. D. Bandoeng | Nabi Paras 0,50 |
| angkat ka Mekah 1,50 | Eoden Joejos 0,75 |
| Ganda Resmi I—II 1,10 | • Sari Banon 1.— |
| Djatikoesoemah I 0,50 | • Retna 1,50 |
| Oendang ² ka Islaman 0,35 | Goedang Goemoedjeug 0,75 |
| Tjarita Poetri Aminah di | Fabrik Seuri 0,80 |
| Bagdad 0,15 | Bodor tri wangsa 0,50 |
| Mager Nagara 0,30 | Bale Bandoeng 0,50 |
| Agama Islam 2,25 | Danoemaja I—II 1.— |
| Soelandjana 1,— | |

Sanes ongkos ngintoenkeun. Prijscourant poendoet bae.
Koopt en verkoopt tweedehandsch boeken.
Moderne talen Werken op elk gebied.
Spotprijzen!

TAN HOEN AUW
Toekang pasang gigi sareng panon palsu ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.
Adres anoe mirah padamelan ditanggul sae.
Dina kateangan-kateangan anoe raroes sok sering ngadantenkeun roa oelan saladjengna kasawat waos anoe seah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njariokeun sakoemaha katuaraosnana anoe kasawatwaos, auomawi kedah didjagi ti samemelina.
Ajeuna sim koering njajagikeun samsikanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngajagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.
Para Istri dioerosna koe njonja. Mangga saroeumping.
Hormat noe ngantos-ngantos
TAN HOEN AUW
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

Bureau „ONTWIKKELING“ Bandoeng
Sakola loehoer djaman ajeuna teh nja eta boekoe piyang-piang" tjek Thomas Carlyle mah hidji djelema noe katjida pinterna. Bener pisan ieu omongan teh.
Sabab dina abad ka 20 mah koe reana boekoe tina bab naon bae, oerang teh teu koeloe asoe ka sakola loehoer oepama oerang hajan madjoe nambahan pangarti, asal bae oerang daek matja.
Oepama andjeun hajan nambahan pangarti geuwat langganan „Cursus ditoeleis“ noe dikaloeerkeun koe Bureau Ontwikkeling di Bandoeng, kaloearna saboean goea kali, mimiti tanggal 1 Februari 1926.
Ieu Cursus mere katerangan ka andjeun koe basa Walanda koemaha praktikanana diajar basa Inggris. Gantjang ngartina kana basa Inggris make ieu Cursus mah. Basa Inggris teh basa doenja. Oelah asa-asa oenggal langganan, artosna f 1,75 sakwartaleun kintoenkeun ti pajoen ka
BUREAU „ONTWIKKELING“
BANDOENG.

TEGEL-FABRIEK „NAJA“
Djalan Pasar - Tjieunteung
TASIKMALAJA.

Sajagi roepa-roepa tegels.
Pangaos ditanggul ngabin-gahkeun. Tjonto-tjonto di-kintoen pertjoemah (gratis).
Mangga tjarobian.
Hormatna noe ngantos-ngantos.

ENGGAL NGAGALEUH
„Wawatjan Wajang Poerwa“ sae eusina, sae basana, sae dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng f 1,25. Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun **Schoolfonds H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.**

Toeh ana kitoe teuki tambah ngarogkeunana ka noe diwahilan, tjara noe gering titirah ngadon kantjeuh.

Eukeur mah eukeur, atoeran decentralisatie di oerang teh, madjarkeun teh tjenah-teu atjan sampeurna tjara di nagara Eropa, ari kajadianana kitoe nepi ka noe ngababasaan: Regenten Raad - B. Pers raad - saroea bae djung kompoelan pamarentah noe ka toekang-toekang, atoe schiedemocratie-na teh heuki tetela bae.

Oepami oerang ngadagoan tjoekop panemoona oerang lembor. sangkan bisa milih sorangan pielaideunana, sabaraha poeolek taen deui bisa kaedagna, da ngan oekoer diparaban koe elmoe ti sakola desa, atoe ngitoeng-na nepi ka sareboe tea. Leukleuk temen pidjamanuanana.

Malah saiktosna koering oga djung babatoeran kantja goeroe parantos ngabarempagkeun sasadiaan bade njoeheunkeun diajaan Inl. Muloschool, pikeun nereskeun pangajarana baredak noe kaloeat ti sakola klas II. Moega-moega bae tiara laksana.

Sarta oepami kalintang koe para djrg. hal ieu matak leuwih hade oepami disoeheunkeun koe Pasoendan deui, nja langkoeng sae noe aja; ngiringan tae.

Tah koe margi kitoe tjoektjroekana, pikeun oerang ngabeber-heber pakeun noe heureut, ngomean saetaksautik toemboel tambal tamba teu kapake teuing djung tamba di ngangeranan schied - democratie tea, naha koemaha oepami Pasoendan njanggeun panoeboen koe kieu oenina:

"Njoeheunkeun ka pamarentah agoeng, soepados Inl. B. B. jambtenaren teu keuing dipilih didamel lid Regentschaps sareng provinciele Raden, aging oepami dibenoem koe noe agoeng."

Ari margina noe mawi dibenoem mah teu aja pambanganana, koe margi sasat eta mah balad pamarentah dina raadna teh. Koemaha kersana anoe ngabeunoe bae eta mah, oerang moal bisa koemaha onam dina palebah dieu mah.

Sakitoe piendjoek pihaoteh teh, moega dimanah noe jaktos. Katoeang bae noehoen, nja eta noe diteda. Henteu bae teu aja pambanganana, pitjeun bae keur tjanganke roentah, sareng aggap ieu mah tamba bae soengoeat bae.

Oewa Nany.

Noeloeng noe boetoe

Redaksi nampi serat ti Djrg. Dr. Soekardjo Ind. ari di Tasik, andjeunana parantos maradjian noe ngadjoeroe di kampoeng Pamidjahan (Indihiang). Anakna 3: hidji laki, doea awe. Lantaran noe djadi kolotna pohara masakatna, djrg. doktor moerstel, soepaja Sipatahoenan moenta toeloeng ka oerang rea (publiek), pikeun noeloeng eta baredak. Saer andjeunna eta boedak noe 3 koedoe disoesoean koe soesoe blek. Andjeunna noe bade ngoeoeskeunana. Pohara Sipatahoenan tjotjogna kana maksoedua Djrg. dokto.

Koe margi eta sing saha noe aja tresna manah bade hadist, sanaos sakoemaha alitna oee ditampi koe Administratie Sipatahoenan kalawan kawenangan bade.

Sipatahoenan henteu beungkar, tapi lantaran koedoe noeloeng ka tae boetoe, ajeuna minangka pitrahna bade njoembang f 5,-

Mangga djrg.-djrg. sareng para kantja noe aja pakeunna boekakenn loket andjeun. Pasihan sahina! Red.

Studiefonds Pasoendan marhoem.

Koe margi ngasoepkenn laporan riengan Kassier katot sawatara leden Studiefonds noe marhoem sareng sawatara leden Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan sareng sapalih pangoeoes Tjabang Pasoendan Bandoeng meneran malem Ahad ping 13 ka 14 Februari 1928, noe aja dina Sipatahoenan no. 36 ping 2 Maart 1928, henteu sapagosos djeung poetoesan harita noe pangpandeurina sarta sakoer noe perloe henteu kasasoepkenn kana sadajana, kapaksa H. B. Pagoejoeban Pasoendan rek nambihan saeutik eutikeun.

Noe dimaksad poetoesan pangpandeurina teh njacta: Tina babadmanan ieu riengan rek diasoepeunkeun laporan dina Sipatahoenan noe ditawis koe Hoofdbestuur Pasoendan sareng Kassier Studiefonds almarhoem.

Ieu poetoesan ditetepkeunana saer njana saentas riengan ditoelep, lantaran ti Hoofdbestuur boektina djoer. Pradjakoesoemah aja noe teu moepakat (teu disebat dina verslag mah) kana poetoesan, jen H. B. boga kawajiban koedoe ngasoepkenn katerangan sakoer noe dihadamikeun dina ieu riengan dina Sipatahoenan. Koe sabab dina waktos ngabadamikeun mah stemna ngan saerang, djadi euweuh noe nganggap, teroes djoer Pradjakoesoemah sarengsena sabisa-bisa nerangeun deui ka djoer. Idih, jen zedelike verplichting anoe ditawiskeun tadi teh, koe djoer. Pradjakoesoemah sama sakali teu kahartos sarta saenjana henteu merenah tjitjingna, Kapan Hoofdbestuur dina laporana njebatkeun njoeheunkeun katerangan, djadi tetela anoe diasoepeun kana laporan teh pikiran H. B. tutjan mandjing dina bebeneran noe

snjaktosna, Ajeuna tjek riengan, H. B. boga kawajiban koedoe neundeun eta katerangan (noe dipenta koe H. B. tea) dina Sipatahoenan koe H. B. pribadi? I Aeh-seh bet asa soelaja pisan tina galoeur pikiran noe ilahar. Anoe menta katerangan koedoe ngasoepkenn eta katerangan sorangan! Koe sabab eta tetep pikiran djoer. Pradjakoesoemah, henteu moepakat, H. B. sorangan neundeun katerangan dina Sipatahoenan. Barang djoer. Idih rada ngartoseun kana galoeur pikiran djoer. Pradjakoesoemah, teras andjeunna sareng djoer. Pradjakoesoemah ngadadarkeun timbanganana djoer. Pradjakoesoemah noe bieu tea. Nja poetoesana teh: Laporan neundeun roepa-roepa katerangan noe disempoegkeun dina riengan teh rek diasoepeun dina Sipatahoenan ditan- da koe H. B. sareng djoer Masdoeki. Aia samboenganana.

FROM
TABIB FAZAL MOHAMAD
HINDOOSTAN'S MEDICINE SHOP
TJHIDEUNGWEG No 14 TASIKMALAJA.

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapan Tasikmalaja. Nerangeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjaba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibekek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dieobaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu dibekek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe beurna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung baungana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer
H. A. Cartobie.

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari: Toean Buirger Noesa Kambangon Tjitjatap
Toean Moh. Bawasir Tjitjatap.
Hadji Abdoel Hamid Tjitjatap.
Toean J. A. Tau Djokjakarta.
Toean Basiroeau Delangoe Djokja.
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoe Garoet.

SIK DJOEN KWAN
TOEKANG GIGI
Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui anggeun-angen sadajana, jen di doenza palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe raroes bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajektosna nambihan oelam, teu karas njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoe ka lebet doegi ka kajadian njeri waos sareng kopok.

Di dieu bade diterangeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleong koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napas kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi lindung waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggal.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelag, perak, emas saniskanteu aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panou palsoe, oelah salempang.
Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe-njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroeupingna'
SIK DJOEN KWAN
Sarimbit.
18

CESUBSIDIERDE NEUTR H. I. S.
"Boedi Prijaji" Garoet.

Ngawitan 1 Mei 1926 aja lowongan hidji goeroe kaloearan Kweekschool noe dinesna sakirang-kirangna dalapan taoen. Noe bade ngala mar kedah iasa meparin bewijs noe sah, katjekapan tina hal ngadjar basa Malajoe sareng Soenda. Gadjih sareng kawajiban² sami sareng di sakola Gouvernement. Adres panglamar ka Hoofd der school.

Bestuur,

Dr. TAN TJOEN HAIJ
ARTS.
Di Keboendjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina
Djr. Dr. Saleh Marhoem.
Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marjos sabau dinten.
Waktosna.
Endjing-endjing 7-9
Sonten 4-5 41

PERELOE AROENINGA.

| | |
|--|--------|
| 1000 (sareboe) Keretas post sae kenging njitak pangaos . . . | f 4.50 |
| 1000 (") Amplokna | f 4.50 |
| Zak-Almenak taen 1926. sadjilidna | f 0.35 |
| Boekoe Inlandsche-Verponding kenging njoeuhan djoeragan R. SOE-NARJAKOESOMAH Onder Voorzitter Landrad Meester - Cornelis pangos sadjilidna | f 1.- |
| Boekoe tjarios Pemboenohan toean Doorman pangaos | f 1.25 |

Tas tina keolij anoe sae mode JORNALIS, timbangan serot sareng roa-roa deui kaparloan kantor-kantor sareng papabot njerat anoe sesab ditetek hidji hidjina, pangaosna anoe tangtoe mirahna. Padamelan tjitakan ditanggal sae, enggal.
Anoe ngadjeung sareng hoermt
„Galoengeng Drukkerij."

Ere diploma ti Groot Tentoonstel-
ling Tasikmalaja. 1925
Koek - en Banketbakkerij
Fabriek
RADEN NATAMIHARDJA
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjahi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.
Sareng tiasa ngital kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, kiosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badantua.
Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajektosna, dina 1 liter timbangan pangos f 2,50 doegi ka f 5.— ditanggal sae.
Noe ngantos
17 **Raden Natamihardja.**
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

TOKO en DRUKKERIJ
Pasoendan Tasikmalaja.

Boekoe - boekoe saniskanten pangajaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi asan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en M Wang Poerwa (babadna Pendawa).
Tinoenan: Roepi-roepi sareng geoesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekoer karadjinan oerang Soenda.
Tatanen: Sajagi binih soeok wadalan Bogor roepi-roepi, mananggal djadi kaeontoengan noe tani, binih djagong Bandjar noe palekna tea.
Prijscourant sareng monster kenging dipoendoe.
Tjitakan: Roepi-roepi staat, ondangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.

TOEKANG KAJOE DARI BATAWI
SIN HONG BOEN.
Pasar kolot 13 Tasikmalaja.

Ngital sareng ngadamelan barang-barang tina kajoe sareng hore, pada melan mananggal berea rapih sareng sae. Kenging diaben sareng sanes-sanes, nja kitoe deui dina modelna, Pangos mirah, sedeng bersaningan Roepi-roepi marmer, katja batos, kaja hedjo, ieu sadaja djadi perhiasan ngawoewoeh kana resmina barang. Mangga tingalian saksikeun, banding keun saniskantenna.
Noe ngantos ngantos.

Perloe Oeninga.

Mangga aoe mangga tjotjot mangga boektikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panggoeng pameget atanapi anggoana Maroerangkalah noe didamelna ditanggal sae sareng rapih, oge kantenan disajagikeun lawonna roepi-roepi sareng nampi kengkenan ngadagdosan roepi-roepi bangsa erlodji kalajan disajagikeun saporatna.
Diantos pisan kersa niobian sareng enggal pesen Ongkosna (Panraosna) di tanggal mirah.
Hoermatna pesen
SASMITA
Klermakerij en Horlogemakerij merk
„Malah Mandar”
Stationweg 21
TASIKMALAJA.

A WASII
SA'IR PENTING

Lamoen palaj njeungkeun manah, anoe tjotjog kana manah, ka salira matak ngareunah, matak diaoeh tina pitnah.
Mending oge ngasoe boekoe, dina korsi atawa bangkoe, moen kahartos moal kakeo, pikeun saeskara lakoe.
Lamoen palaj raos seuri, ngasoe boekoe „FABRIK SEURI” matak leungit sagala kanjeri, datang a'imat noe mang' sar.
Moen palaj raos goemoedjeng, ngasoe boekoe „GOEDANG GOEMOE- DJANG,
landong matih matak wilodjeng, mangga soemping teu kinten di adjeung adjeung.
Boekoe „ROESIAH NOE GEULIS” leujeperkeun noe gaeulaj pikeun noelak atan iblja, matak terang „ADJINA” geulis.
Lalakan djaman ajeuna, anoe teu kinten ramena, „ELIS ATJIH” tjatjotna, dipikaresep koe sadajana.
Boekoe sas djabi ti eta, ti „DJR. M. I. FRAWIRA-WINATA” ti „BALAJ POESTAKA” njata, noe kasahor ka oenggal kota.
Pikeun djalan „KAMOELJAAN, soemangga geura tiobian, senas kanten disajagian, di BIBLIOTHEEK „SINAR-KAMA-DJOEAN.

Goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool.

Dilatih hidji goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool kangge enggal dibenoem kana KAPALA sakola di Neutralsche Hollandsch-Inlandsche school di Medan (Sumatra's Oostkust).
Gadjih noemoetkeun atceran di Gouvernement sareng diwoewoeh paling saeutik f 50.— sasalih.
Serat-serat lamaran kedah dilamantan ka
Bestuur Schoolvereeniging Boemi-petra Hindia di Medan (Sumatra's Oostkust)

DOCTOR SOEKARDJO
Heerenstraat No. 18
(Poengkoereun Masdjid)

Nampi tamoe oenggal dinten, djabi ti Senen sareng Kemis, margi kedah tournee ka Pangandaran.